

UPACARA TRADHISI RUWATAN RAMBUT GEMBEL WONTEN DESA MARON KECAMATAN GARUNG KABUPATEN WONOSOBO

TRADITIONAL CEREMONY OF RUWATAN RAMBUT GEMBEL AT MARON VILLAGE GARUNG SUBDISTRICT WONOSOBO REGENCY

Dening: Asma Dzatina Nathaqain, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

Sarining Panaliten

Panaliten punika gadhah ancas kangge ngandharaken kadospundi lampahing upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron, Kecamatan Garung, Kabupaten Wonosobo. Panaliten punika ugi ngandharaken makna saking upacara tradhisi ruwatan rambut gembel, inggih makna lampahing upacara tradhisi ugi makna saking piranti ingkang dipuninakaken wonten salebeting upacara.

Panaliten punika ngginakaken metode panaliten *kualitatif*. Caranipun ngempalaken data wonten salebeting panaliten punika ngginakaken *pengamatan berperanserta saha wawancara*. Pirantining panaliten inggih punika panaliti piyambak saha *daftar wawancara* ingkang kabiyantu mawi piranti perekam, kamera, saha piranti nyerat. Caranipun nganalisis data inggih punika mawi *teknik analisis induktif*. Caranipun ngesahaken data mawi *triangulasi*.

Asiling panaliten punika ngandharaken bilih: (1) asal-usulipun upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron Kecamatan Garung Kabupaten Wonosobo inggih punika kapitadosan masarakat babagan rambut gembel minangka warisan saking Kyai Kolodete, turun-tumurun masarakat ngawontenaken ruwatan rambut gembel kangge tolak bala supados lare rambut gembel saha masarakat sakupengipun saged luwar saking bebendu; (2) lampahing upacara tradhisi rambut gembel wonten Desa Maron Kecamatan Garung Kabupaten Wonosobo kaperang dados kalih perangan: (a) *persiapan* upacara inggih punika ngempalaken lare rambut gembel saha damel sesajen, saha (b) *pelaksanaan* upacara ingkang karantam mawi pambuka, adicara inti, saha panutup; (3) makna *simbolik* wonten salebeting upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron Kecamatan Garung Kabupaten Wonosobo inggih punika minangka donga dhumateng Allah SWT kangge tolak bala supados lare rambut gembel luwar saking bebendunipun saha masarakat wonten sakupengipun tansah kaparingan kawilujengan saha kaberkahan; (4) paedah upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron Kecamatan Garung Kabupaten Wonosobo inggih punika: (a) paedah *spiritual*, (b) paedah *sosial*, saha (c) paedah *ekonomi*.

Pamijining tembung: upacara tradhisi, ruwatan, rambut gembel, tolak bala

Abstract

This study aims to explain the origins of the traditional ceremony of ruwatan rambut gembel at Maron village Garung subdistrict Wonosobo regency. This study explain the meaning of traditional ceremony of ruwatan rambut gembel.

This study used qualitative research methods. Data collection's methods those are used in this study were observational methods and participate in-depth interviews. This study's instrument is human instrument which is helped by handy came, digital camera and stationery. Data analysis thecnuiqe that is used is inductive analysis thecnique. The way to validate the data use triangulation sources and methods.

The result of the study are: (1) The history of traditional ceremony of ruwatan rambut gembel, that describe Kyai Kolodete as the main character of traditional ceremony of ruwatan rambut gembel, people believed that children with rambut gembel should be prayed so they can lived nicely; (2) The tradition's procession is divided into two parts: (a) preparation: collecting children with rambut gembel and make offerings (b) implementation: opening, core event, and closing; (3) the symbolic meaning of traditional ceremony of ruwatan rambut gembel is to express our gratitude to God and the blessings that marrying media community supporters tradition has always given the health, peace, blessings and easily get a fortune in their lifes; (4) the benefits of the traditional supports citizens are: (a) the spiritual benefits, (b) economic benefits, (c) social benefits.

Keywords: traditional ceremony, ruwatan, rambut gembel, tolak bala

PURWAKA

Masyarakat Jawi jaman sakpunika taksih wonten ingkang ngugemi kabudayan Hindhu ingkang kalampahan dening tiyang sepuh jaman rumiyin. Masyarakat punika taksih ngawontenaken upacara utawi ritual ingkang kalampahan dening tiyang sepuh jaman rumiyin. Upacara saha ritual ingkang kalampahan punika dados adat saha ciri khas saking masyarakat punika. Upacara saha ritual ingkang kalampahan dening masyarakat punika minangka salah satunggaling cara masyarakat kangge ngugemi saha nglestantunaken kabudayan saking tiyang sepuh jaman rumiyin.

Masyarakat ingkang agaminipun Islam taksih ngawontenaken upacara mawi adat Hindhu. Upacara tradhsisi sakpunika taksih ngangge sesajen saha donga-donga saking agami Hindhu, kadosta andharan saking Hadiatmaja saha Endah (2010: 38) bilih “donga-donga saha mantra-mantra saking agami Hindhu-Budha mliginipun agami Hindhu taksih dipunginakaken wonten upacara-upacara tartamtu”.

Salah satunggaling upacara tradhisi ingkang taksih kalampahan wonten masyarakat inggih punika upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron Kecamatan Garung Kabupaten Wonosobo. Wonten upacara ruwatan rambut gembel punika masyarakat taksih ngginakaken sesajen minangka simbol kados tiyang Hindhu rikala rumiyin ndedonga. Upacara tradhisi ruwatan rambut gembel punika minangka sarana kangge ngruwat lare ingkang rambutipun gembel supados tebih saking bebendu saha luwar saking gembelipun. Masyarakat ugi pitados bilih upacara

tradhisi punika saged dados tolak bala kangge masyarakat sakupengipun.

Bab punika kadadosaken panaliten amargi dereng wonten panaliten bab ruwatan tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron, Kecamatan Garung, Kabupaten Wonosobo wonten wekdal sakpunika. Bab punika ugi dipundadosaken panaliten kangge mangertosi kadospundi masyarakat taksih ngugemi kapitadosan saking tiyang sepuh jaman rumiyin. Upacara tradhisi punika ugi minangka wujud anggenipun masyarakat nglestantunaken saha ngrembakakaken kabudayan-kabudayan Jawi supados kabudayan punika boten ical saking masyarakat. Wonten bab punika masyarakat taksih ngugemi kapitadosan saking agami Hindhu sanajan masyarakat punika agaminipun Islam.

Panaliten punika migunani tumrap masyarakat ngengingi bab budaya. Mawi panaliten punika panaliti saged pikantuk informasi saha makna ingkang langkung *aktual* saha *akurat* saking masyarakat ingkang ngawontenaken upacara tradhisi ruwatan rambut gembel punika. Panaliten punika kalampahan supados saged ndherek nglestantunaken upacara ruwatan tradhisi punika.

GEGARAN TEORI

Kabudayan inggih punika wujud saking akal saha budi manungsa ingkang ngrembaka wonten ing masyarakat. Kabudayan punika lair saha ngrembaka wonten ing masyarakat. Masyarakat wonten pundi kemawon gadhah kabudayan piyambak-piyambak ingkang boten sami. Miturut Koentjaraningrat (2009: 146), tembung kabudayan asalipun saking

basa Sansekerta *buddhayah*, inggih punika wujud jamak saking *buddhi* ingkang ateges “budi” utawi “akal”, satemah kabudayan inggih punika sedaya bab ingkang wonten gayutipun kalihan akal saha budi tiyang gesang.

Adhedhasar Baoesatra Djawa (1939: 51), kabudayan tegesipun inggih punika babaring nalar pambudining manungsa maujud kagunan, kapinteran, kawruh, lan sapanunggalanipun. Kabudayan punika asiling nalar pambudining manungsa ingkang mujudaken kagunan, kapinteran, kawruh, lan sapanunggalanipun.

Saking pangertosan-pangertosan bab kabudayan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih kabudayan inggih punika wujud saking akal saha budi manungsa. Akal saha budi manungsa punika ngrembaka wonten masyarakat satemah dumugi sakpunika kabudayan dipunwarisaken turun-tumurun wonten masyarakat. Akal saha budi manungsa punika mujudaken kagunan, kapinteran, saha kawruh. Asiling kabudayan punika awujud kapitadosan, kesenian, adat istiadat, lan sapanunggalanipun.

Miturut Danandjaja (1994: 1), tembung folklor punika kadhapuk saking basa Inggris *folklore*. Tembung *folklore* punika kadhapuk saking kalih tembung, inggih punika tembung *folk* saha tembung *lore*.

Tembung *folk* tegesipun inggih punika *kolektif* utawi *kebersamaan*. Miturut Dundes (lumantar Danandjaja, 1994: 1), *folk* inggih punika satunggal kelompok masyarakat ingkang gadhah titikan pengenalan fisik saha sosial saking

kabudayanipun piyambak satemah saged dipunbedakaken kalihan kelompok-kelompok sanes. Titikan punika kadosta werni kulit ingkang sami, werni rambut ingkang sami, padamelan ingkang sami, basa ingkang sami, saha agami ingkang sami. Ananging ingkang langkung wigatos inggih masyarakat punika gadhah tradhisi ingkang turun-tumurun minangka tradhisi masyarakat.

Folklor gadhah titikan-titikan ingkang mbedakaken folklor kalihan perangan kabudayan ingkang sanesipun. Titikan-titikan folklor miturut Danandjaja (1994: 3-4) inggih punika.

1. *Penyebaran dan pewarisannya biasanya dilakukan secara lisan, yakni disebarkan melalui tutur kata dari mulut ke mulut (atau dengan suatu contoh yang disertai dengan gerak isyarat dan alat pembantu pengingat) dari suatu generasi ke generasi berikutnya,*
2. *Folklor bersifat tradhisional, yakni disebarkan dalam bentuk relatif tetap atau dalam bentuk standar. Disebarkan diantara kolektif tertentu dalam waktu yang cukup lama (paling sedikit dua generasi),*
3. *Folklore ada (exist) dalam versi-versi bahkan varian-varian yang berbeda*
4. *Folklore berifat anonym, yaitu nama penciptanya sudah tidak diketahui orang lagi,*
5. *Folklore pada hakekatnya berumur dan berpola*
6. *Folklore mempunyai kegunaan (function) dalam kehidupan bersama suatu kolektif,*
7. *Folklore bersifat prologis, yaitu mempunyai logika sendiri yang tidak sesuai dengan logika umum,*

8. *Flklor menjadi milik bersama (collective) dari kolektif tertentu. Hal ini sudah tentu diakibatkan karena penciptaannya yang pertama sudah tidak diketahui lagi, sehingga setiap anggota kolektif yang bersangkutan merasa memilikinya,*
9. *Folklore pada umumnya bersifat polos dan lugu, sehingga seringkali kelihatannya kasar, terlalu spontan.*

Upacara tradhisi inggih punika perangan saking adat-istiadat, kadosta ingkang dipunandharaken Bratawidjaja (2000: 1) bilih upacara tradhisi dipunwujudaken wonten tata cara upacara adat. Upacara tradhisi inggih punika upacara ingkang dipuntindakaken dening masyarakat turun-tumurun. Upacara tradhisi dipunlampahaken dening masyarakat jaman rumiyin sampun puluhan utawi atusan taun kapengker. Upacara tradhisi punika sampun *mendarah daging* wonten masyarakat.

Upacara tradhisi punika kalampahan dening masyarakat amargi wonten kapitadosan masyarakat kalihan bab ingkang asipat gaib. Kapitadosan saking masyarakat ugi nemtokaken kadospundi tata-rakiting upacara, kadospundi lampahing upacara, saha punapa kemawon ingkang dipunginakaken wonten upacara tradhisi. Koentjaraningrat (2004: 147) ngandharaken bilih “*sistem keyakinan erat berhubungan dengan ritus dan upacara, dan menentukan tata-urut dari unsur-unsur, rangkaian acara, serta peralatan yang dipakai dalam upacara*”.

Upacara tradhisi kalampahan mawi maneka warni acara. Lampahing upacara tradhisi boten sami, kadosta ingka dipunandharaken dening

Koentjaraningrat (2004: 147) bilih upacara gadhah maneka warni unsur upacara kadosta

“(a) bersaji, (b) berkorban, (c) berdoa, (d) makan bersama makanan yang telah disucikan dengan doa (e) menari tarian suci, (f) menyanyi nyanyian suci, (g) berprosesi atau berpawai, (h) memainkan seni drama suci (i) berpuasa (j) intoksikasi atau mengaburkan pikiran dengan makan obat bius untuk mencapai keadaan trance, mabuk (k) bertapa (l) bersemedi.”

Masyarakat jaman rumiyin taksih gadhah kapitadosan dhateng bab gaib, satemah upacara tradhisi ugi wonten sesambetanipun kalihan bab gaib. Upacara tradhisi ingkang kalampahan dening masyarakat punika minangka sarana nyeyuwun dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung lumantar upacara tradhisi punika. Amargi taksih wonten kapitadosan saking masyarakat dhateng bab gaib satemah ritual wonten saklebeting upacara tradhisi wonten ingkang gadhah ancas kangge ngrawuhaken bab-bab ingkang asipat gaib kadosta roh nenek moyang. Herusatoto (2001: 89) ngandharaken cara kangge ngrawuhaken roh nenek moyang, kadosta

1. Ngaturi rawuh tiyang sekti saha ahli wonten ing bab punika kangge mimpin upacara.
2. Damel reca nenek moyang supados arwahipun mlebet wonten ing reca kasebat adhedhasar tuntunan saking ingkang mimpin upacara kasebat.
3. Damel sesajen saha ngobong kemenyan ingkang dipunremeni nenek moyang.

4. Upacara kasebat dipuniringi unen-unen saha jejogedan supados arwah nenek moyang remen saha kersa paring rahmatipun.

Saking andharan-andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih upacara tradhisi punika minangka salah satunggaling warisan budaya saking nenek moyang jaman rumiyin ingkang taksih kalampahan dening masyarakat jaman sakpunika. Upacara tradhisi punika kedah dipunlestantunaken minangka budaya wonten masyarakat. Upacara tradhisi gadhah unsur-unsur ingkang boten sami antawisipun upacara tradhisi satunggal kalihan sanesipun. Upacara tradhisi punika gadhah ancas kangge nyeyuwun dhumaten Gusti Inggih Maha Agung.

Ruwatan punika saking asal tembung ruwat. Adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 534), ruwat tegesipun luwar saking bebandan paukumaning dewa. Masyarakat Jawi pitados bilih tiyang ingkang kedah dipunruwat punika tiyang ingkang gadhah bebendu utawi alangan, satemah kedah dipunruwat supados luwar saking alangan punika saha saged gesang mawi sae wonten masyarakat.

Upacara ruwatan ugi kalampahan minangka sarana kangge nolak bebendu utawi bala utawi alangan, kadosta ingkang dipunandharaken dening Pontjosutirto (1985: 109) bilih upacara ruwatan inggih punika upacara ingkang kalampahan minangka sarana ingkang kalampahan dening masyarakat supados tebih saking bebendu utawi alangan.

Upacara ruwatan kalampahan mawi ancas tartamtu, salah satunggalipun inggih punika kangge

ngruwat supados ingkang dipunruwat luwar saking bebendu, mala, saha bebaya. Pamungkas (2008: 5) ngandharaken bilih ancasing upacara tradhisi ruwatan inggih punika

1. supados tebih saking bebayanipun Bathara Kala.
2. boten sedaya ruwatan wonten sambung raketipun kalihan Bathara Kala, ananging wonten ruwatan ingkang ancasipun tebih saking bab-bab awon ingkang asalipun saking alam saha makhluk gaib.
3. upacara ruwatan kalampahan supados masyarakat tebih saking bencana.

Masyarakat Jawi jaman rumiyin pitados bilih kathah bab ingkang saged dados alangan. Kangge nolak alangan punika masyarakat lajeng ngawontenaken upacara tradhisi ruwatan. Pontjosutirto (1985: 110) ngandharaken bilih bab-bab ingkang mbetahaken upacara ruwatan kaperang dados tiga inggih punika.

1. *Upacara ruwat bagi orang atau anak yang dianggap mempunyai nasib buruk karena disebabkan kelahirannya.*
2. *Upacara ruwat bagi orang atau anak yang cacat tubuhnya.*
3. *Upacara ruwat bagi orang atau anak yang dianggap bersalah, karena telah melanggar pantangan atau merusak benda-benda tertentu.*

Upacara ruwatan kangge priyantun utawi lare ingkang gadhah nasib awon punika ruwatan kangge lare sukerta. Lare sukerta inggih punika lare ingkang gadhah nasib awon amargi lairipun. Masyarakat Jawi pitados bilih lare sukerta punika

lare ingkang remen dipundhahar dening Bathara Kala. Supados luwar saking suker saha saking ukumanipun Bathara Kala, lare-lare punika kedah dipunruwat supados tebih saking bebendu.

Inkang kalebet lare sukerta wonten panggenan satunggal kalihan sanesipun boten sami. Tuladhanipun wonten Wonosobo wonten lare ingkang dipunsebat lare gembel amargi gadhah rambut ingkang gembel. Lare punika kedah dipunruwat supados saged ical gembelipun saha tebih saking alangan.

Adhedhasar Serat Pedhalangan Ringgit Purwa (Lumantar Pontjosutirto, 1985: 111), golongan lare sukerta inggih punika.

1. Ontang-anting, lare jaler namung setunggal
2. Unting-unting, lare estri namung setunggal
3. Serimpi, lare sekawan estri sedaya
4. Serembe, lare sekawan jaler sedaya
5. Pandhawa, lare gangsal jaler sedaya
6. Pandhawi, lare gangsal estri sedaya
7. Uger-uger lawang, lare kalih jaler sedaya
8. Kembang sepasang, lare kalih estri sedaya
9. Kedhana-kedhini, lare kalih jaler-estri
10. Sendhang kapit pancuran, lare tiga jaler-estri-jaler
11. Pancuran kapit sendhang, lare tiga estri-jaler-estri

Golongan angka kalih ingkang kedah dipunruwat inggih punika lare ingkang cacat. Miturut Pontjosutirto (1985: 111), lare ingkang cacat inggih punika lare bule, lare wungkuk, lare kresna utawi cemani utawi lare ingkang pakulitanipun cemeng, lare wujil, saha lare dhengkuk.

Inkang kedah dipunruwat salajengipun inggih punika priyantun utawi lare ingkang nrajang wewaler saha ngrusak barang tartamtu kadosta nggulingaken dhandhang saha mecahaken pipisan. Priyantun utawi lare ingkang nrajang wewaler punika kedah dipunruwat supados ical alanganipun.

Upacara ruwatan kalampahan miturut kahanan masyarakat. Pontjosutirto (1985: 114) ngandharaken bilih upacara ruwatan punika wonten tigang jinis, inggih punika

1. upacara ruwatan kangge masyarakat ingkang mampu, mawi ngawontenaken pagelaran ringgit.
2. upacara ruwatan kangge masyarakat ingkang kirang mampu, boten mawi pagelaran ringgit.
3. upacara ruwatan kangge masyarakat Islam ingkang taksih nglestantunaken kabudayan saha dereng saged tebih saking adat-istiadat Jawi.

Kabudayan punika ngandhut makna *simbolis* tartamtu. Adhedhasar KBBI (2002: 703, 1066), makna tegesipun inggih punika arti utawi maksud, dene *simbol* tegesipun inggih punika lambang. Satemah makna *simbolis* inggih punika teges saking lambang-lambang.

Kabudayan punika gadhah *simbol-simbol* wonten salebetipun. *Simbol-simbol* punika saged paring pambiyantu kangge mangertosi makna saha ancas saking kabudayan kasebat. Herusatoto (2001: 26) ngandharaken bilih “*manusia adalah makhluk budaya. Karena penuh dengan simbol, dapat dikatakan bahwa budaya manusia penuh diwarnai dengan simbolisme, yaitu paham yang mengikuti pola-pola yang mendasarkan diri atas simbol-simbol*”.

Miturut Herusatoto (2001: 10), tembung *simbol* punika asal saking tembung Yunani *symbolos* ingkang tegesipun inggih punika tandha utawi titikan ingkang paring pangertosan satunggal bab. *Simbol* utawi lambang inggih punika satunggal bab ingkang paring pangertosan subjek dhateng objek.

Miturut Spradley (lumantar Roni, 2010), *simbol* inggih punika *objek* utawi kahanan punapa kemawon ingkang nunjuk dhateng salah satunggal bab. Spradley ugi ngandharaken bilih, “*semua simbol melibatkan 3 unsur: simbol itu sendiri, satu rujukan atau lebih, dan hubungan antara simbol dengan rujukan*”. Tigang unsur *simbol* punika saged dipunginakaken kangge dasar mangertosi makna *simbolis*.

Makna *simbolis* inggih punika teges saking satunggal lambang ingkang saged paring pangertosan dhateng manungsa. Kabudayan, utaminipun kabudayan Jawi ngandhut makna-makna *simbolis* ingkang awujud wonten tumindak, barang, saha basa ingkang dipunginakaken. *Simbol-simbol* punika ngandharaken asal-usul, ancas, utawi makna saking bab-bab ingkang dipun-*simbol*-aken.

Upacara tradhisi minangka salah satunggaling dhapukan saking kabudayan ugi ngandhut maneka warni simbol. Kadosta ingkang dipunandharaken dening Herusatoto (2001: 27) inggih punika “*pada dasarnya segala bentuk upacara-upacara manusia adalah bentuk simbolisme. Makna dan maksud upacara itulah yang menjadi tujuan manusia untuk memperingatinya*”. Satemah upacara-upacara

tradhisi gadhah makna simbolis ingkang dados ancas saking lampah saha piranti ingkang dipunginakaken wonten upacara punika.

Miturut pangertosan babagan makna *simbolis* wonten ing nginggil, ancasing makna *simbolis* wonten panaliten punika kangge ngandharaken makna *simbolis* wonten salebeting lampahing upacara saha pirantining upacara. Lampahing upacara tradhisi ruwatan rambut gembel ngandhut makna saha ancas tartamtu, pirantining upacara kadosta sesajen ugi ngandhut makna tartamtu minangka ancas saha donga wonten salebeting upacara.

CARA PANALITEN

Panaliten punika kalebet panaliten kualitatif. Sumber data wonten ing panaliten punika saking *informansaha setting* panaliten. Data wonten ing panaliten punika awujud cathetan lapangan *observasi*, saha saking *transkrip* asiling *wawancara* utawi *pirembagan* saking para *informan*. Cara ngempalaken data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten punika ngginakaken *teknik berperan serta (observasi berpartisipasi)* saha *wawancara*. Pirantining panaliten wonten ing panaliten inggih punika panaliti piyambak utawi *human instrument* saha kartu wawancara kanthi kabiyantu pirantos *handycame, camera digital, saha* cathetan lapangan. Caranipun ngolah data inggih menika ngginakaken *analisis induktif*, inggih punika dipunginakaken kangge mbiji saha ngolah data, dipunwiwiti kanthi *nelaah* data jumbuh kaliyan wosing perkawis ingkang sampun cumawis saking pengamatan

langsung saha *wawancara*, ingkang sampun dipunsebat ing salebeting cathetan lapangan, gambar, foto saha sapanunggalipun. Caranipun ngesahaken datanginakaken *tekniktriangulasi*, inggih punika bandingan asiling *wawancara* saking *informan* satunggal kaliyan *informan* sanesipun saha *triangulasi metode* kanthi mbandingaken asiling *wawancara* kanthi pengamatan langsung. *Data* kalawau ugi dipunkiyataken kanthi *dokumentasi* ingkang wonten ing cathetan-cathetan kaserat, *foto* ugi *video*.

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Upacara tradhisi ruwatan rambut gembel punika kalampahan wonten ing salah satunggaling papan wisata wonten kutha Wonosobo, inggih punika tlaga Menjer. Tlaga Menjer punika dumunung wonten ing Desa Maron, Kecamatan Garung, Kabupaten Wonosobo.

Desa Maron tebihipun kirang langkung 10,00 Km saking ibukota kabupaten Wonosobo, saha kirang langkung 4,70 Km saking ibu kota Kecamatan Garung. Kangge tumuju wonten desa Maron saged nitih kendharaan piyambak, ojek, utawi *angkutan umum*.

Papan upacara trahisi ruwatan rambut gembel inggih punika wonten tlaga Menjer, salah satunggaling papan wisata ingkang dumunung wonten Desa Maron, Kecamatan Garung, Kabupaten Wonosobo. Menawi saking alun-alun kutha Wonosobo, kirang langkung 7 km arah ngaler saking alun-alun Wonosobo. Lurus terus nuruti margi ageng dumugi nemu gapura wonten kiwa mergi mawi seratan “PLTA Garung”. Belok kiwa

mlebet gapura arah PLTA Garung. Lurus terus nuruti mergi kirang langkung 3 km dumugi Desa Maron, lajeng lurus terus tumuju tlaga Menjer. Kirang langkung 100 m sakderengipun tlaga wonten pertelon, lajeng belok kiwa punika papan parkir tlaga Menjer saha gerbang mlebet tlaga Menjer.

Upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten desa Maron, kecamatan Garung, kabupaten Wonosobo kalampahan nalika dinten Setu, 6 Agustus 2016. Persiapan kangge upacara sampun awit dangu saderengipun upacara kalampahan, amargi kangge upacara tradhisi ruwatan rambut gembel ingkang kalampahan mawi masal, kadang panitia kedah ngempalaken lare-lare ingkang purun dipunruwat rumiyin.

Rambut gembel punika boten saged ilang menawi dipunsisiri. Miturut kapitadosan masyarakat, rambut gembel punika saged ilang menawi dipuncukur mawi upacara ruwatan rambut gembel minangka syarat kangge ngruwat rambut gembel punika.

Asal-usulipun wonten lare ingkang rambutipun gembel inggih punika cariyos jaman rumiyin bab Kyai Kolodete. Kyai Kolodete punika gesangipun wonten lereng Dieng. Kyai Kolodete remen kalihan lare alit. Dumugi jaman sakpunika tiyang-tiyang pitados bilih lare ingkang rambutipun gembel inggih punika keturunan utawi titisan saking Kyai Kolodete. Lare-lare ingkang rambutipun gembel inggih punika lare-;lare ingkang dipunremeni kalihan Kyai Kolodete

Upacara tradhisi ruwatan rambut gembel kalampahan mawi acara-acara tartamtu ingkang sampun karantam. Tata rakiting upacara tradhisi

ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron Kecamatan Garung Kabupaten Wonosobo wonten kalih inggih punika, (1) *persiapan*, saha (2) *pelaksanaan*.

Kangge ngawontenaken upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten bab-bab ingkang kedah kalampahi saha kacawisaken. Bab-bab ingkang kedah kalampahi saha kacawisaken sakderengipun upacara tradhisi ruwatan rambut gembel mawi masal kalampahan inggih punika ngempalaken lare-lare rambut gembel ingkang badhe dipunruwat saha damel sesaji.

Upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron, Kecamatan Garung, Kabupaten Wonosobo kalampahan dinten Setu, 6 Agustus 2016. Adicara inti saking upacara tradhisi ruwatan rambut gembel inggih punika nyukur rambut gembel. Lampahing upacara tradhisi ruwatan rambut gembel inggih punika, (1) Pambuka, rantamaning adicara pambuka inggih punika, kirab utawi *pawai* seni budaya, sendratari “Titisan Kaladhete”, tari Lengger, sabdatama Kepala Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Kabupaten Wonosobo, (2) Adicara inti, rantamaning adicara inti inggih punika, donga, nyukur rambut gembel, larung rambut gembel, (3) Panutup, rantamaning adicara panutup inggih punika pentas seni.

Lampahing upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron, Kecamatan Garung, Kabupaten Wonosobo gadhah simbol-simbol wonten salebetipun tata-rakiting upacara. Lampahing upacara saking donga, nyukur rambut

gembel, dumugi larungan rambut gembel gadhah makna-makna tartamtu.

Donga ruwatan punika minangka donga dhumateng Allah SWT. Mantra ruwat minangka donga dhumateng Allah SWT supados lare ingkang dipunruwat saged luwar saking sedaya reruwet ingkang sakpunika saweg dipunsandhang, inggih punika rambut ingkang gembel. Donga tolak bala minangka donga supados lare ingkang dipunruwat saged luwar saking bala. Donga puji rahayu minangka atur panuwun dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring keslametan dhateng tiyang gesang.

Surasaning upacara ruwatan rambut gembel inggih punika ngruwat lare ingkang rambutipun gembel supados ilang gembelipun mawi dipuncukur. Rambut gembel ingkang dipuncukur punika gadhah ancas supados ilang gembelipun, ilang reruwetipun, luwar saking bebananipun lare ingkang rambutipun gembel punika.

Rambut gembel ingkang sampun dipuncukur lajeng dipunlarung. Sejatosisipun ingkang dipunlarung inggih punika sesukeripun ingang awujud rambut gembel.

Sesajen ingkang dipunkirab wonten sekawan, inggih punika tumpeng kalung, tumpeng robyong, ingkung ayam, saha jajan pasar. Sekawan sesajen punika gadhah simbol saha makna piyambak-piyambak.

Tumpeng kalung punika minangka simbol lare rambut gembel ingkang dipunkalungi sesuker awujud rambut gembel. Tumpeng kalung punika gadhah makna saha ancas supados lare rambut

gembel menawi sampun dipunruwat saged nerasakan gesang kanthi sae saha bakti dhateng tiyang sepuh, guru, pamarentah, saha agami.

Tumpeng punika nggambaraken rambut gembelipun Kyai Kolodhete. Makna ingkang kaandhut inggih punika bilih gesang dipunkupengi dening sipat-sipat ingkang awon. Sajen punika supados lare ingkang dipunruwat saged luwar saking sipat-sipat ingkang awon.

Ingkung ayam jago dipunmasak wutuh. Saderengipun dipunmasak dipunresiki rumiyin jawi saha lebetipun. Maknanipun inggih punika supados tiyang gesang kedah resik jawi saha lebetipun supados gesangipun tansah bingah.

Jajan pasar ingkang dipunginakaken kangge sesajen wonten ruwatan rambut gembel wonten maneka warni. Jajan pasar punika kathah jinisipun. Maknanipun inggih punika supados lare ingkang dipunruwat benjang menawi sampun ageng saged gesang mandhiri saha dados panutan ingkang sae kangge kathah tiyang.

Paedah spiritual wonten gegayutanipun kalihan kapitadosan masarakat ingkang ngawontenaken upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron dhateng perkawis ingkang gaib.

Paedah ekonomi inggih punika paedah ingkang wonten gayutipun kalihan pemasukan masarakat. Upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron ndadosaken Desa Maron desa wisata, satemah kathah wisatawan ingkang dhateng wonten Desa Maron, mliginipun tlaga Menjer.

Paedah sosial minangka sesambetan antawisipun priyantun setunggal kalihan

sanesipun. Upacara tradhisi ruwatan rambut gembel dados sarana sesrawungan kangge ngraketaken pasedherekan masarakat Desa Maron saha sakupengipun. Kangge ngawontenaken upacara ruwatan rambut gembel, masarakat sami gotongroyong sami tetulung, satemah langkung raket sesrawunganipun.

DUDUTAN

Upacara tradhisi ruwatan rambut gembel punika kalampahan wonten ing salah satunggaling papan wisata wonten kutha Wonosobo, inggih punika tlaga Menjer. Tlaga Menjer punika dumunung wonten ing Desa Maron, Kecamatan Garung, Kabupaten Wonosobo.

Mula bukaning upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron inggih punika punika cariyos jaman rumiyin bab Kyai Kolodete. Kyai Kolodete punika gesangipun wonten lereng Dieng. Kyai Kolodete remen kalihan lare alit. Dumugi jaman sakpunika tiyang-tiyang pitados bilih lare ingkang rambutipun gembel inggih punika keturunan utawi titisan saking Kyai Kolodete.

Upacara tradhisi ruwatan rambut gembel kalampahan mawi acara-acara tartamtu ingkang sampun karantam. Tata rakiting upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron Kecamatan Garung Kabupaten Wonosobo wonten kalih inggih punika, (1) *persiapan*, saha (2) *pelaksanaan*. Nalika persiapan sakderengipun upacara tradhisi ruwatan rambut gembel mawi masal kalampahan inggih punika ngempalaken lare-lare rambut gembel ingkang badhe dipunruwat saha damel sesaji. Nalika pelaksanaan, lampahing

upacara tradhisi ruwatan rambut gembel inggih punika, (a) Pambuka, rantamaning adicara pambuka inggih punika, kirab utawi *pawai* seni budaya, sendratari “Titisan Kaladhete”, tari Lengger, sabdatama Kepala Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Kabupaten Wonosobo, (b) Adicara inti, rantamaning adicara inti inggih punika, donga, nyukur rambut gembel, larung rambut gembel, (c) Panutup, rantamaning adicara panutup inggih punika pentas seni.

Makna simbolisme lampahing upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron kandhut wonten salebeting donga ruwatan, nyukur rambut gembel, saha

Paedah-paedah wonten upacara tradhisi ruwatan rambut gembel wonten Desa Maron inggih punika paedah *spiritual*, paedah *ekonomi*, saha paedah *sosial*.

KAPUSTAKAN

- Bratawidjaja, Thomas Wiyasa. 2000. *Upacara Tradisional Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.
- Danandjaja, James. 1994. *Folklor Indonesia: Ilmu, Gosip, dan Lain-Lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Departemen Pendidikan Nasional. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Herusatoto, Budiono. 2001. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Koentjaraningrat. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- . 2004. *Kebudayaan, Mentalitas, dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Pamungkas, Ragil. 2008. *Tradisi Ruwatan*. Yogyakarta: Penerbit Narasi.
- Pontjosutirto, Sulardjo. 1985. “Upacara Ruwat di Jawa”. *Ritus Peralihan di Indonesia*, hlm. 108-125. Jakarta: Balai Pustaka.